

TUGAS MANDIRI

Semaken teks lakon ing ngisor iki!

Sawijine wektu ing kelas X-5 arep dianakake ulangan Basa Jawa ngenani tes nulis aksara Jawa. Nalikane ulangan Hadi lan Bayu lungguhe sabangku, Siti lan Reni uga lungguh sabangku ing ngarepe Hadi lan Bayu. Dene Budi lungguhe ijen ing sisihe Bayu.

Jroning ulangan iku bocah-bocah rumangsa ora bisa nggarap, kabeh padha kangelan nggarap soal kang awujud nulis aksara Jawa sing diparingake dening Bu Guru. Jroning ulangan kasebut bocah lima (Hadi, Bayu, Budi, Siti, lan Reni) padha omong-omongan.

Bayu : "Ren, aku nyonto jawabanmu soal nomer 9 lan 10!"

Reni : "A lan C"

Siti : "Yen soal nomer 15,16 lan 20 jawabane apa Bayu?"

Bayu : "15 A, 16 D, nomer 20 aku durung."

Hadi : "Huss ... aja banter-banter, mengko bu guru mireng lo!"

Siti : "Soale uuakeh banget, wekanku isih akeh sing durung takgarap."

Bocah papat (Bayu, Reni Siti, lan Hadi) padha conto-contoan. Beda karo Budi, dheweke kanthi santai olehe nggarap soal tanpa njaluk wuruk utawa tanpa takon marang kanca-kancane. Kabeh soal digarap dhewe sabisane.

Bayu : "Bud, kowe wis rampung?"
 Budi : "Durung, mung kari 3 (telung) soal sing durung takgarap."
 Bayu : "Aku nyonto jawabanmu soal nomer 25 nganti 30, Bud!"
 Budi : "Aku ora bisa, Bayu."
 Bayu : "Geneya? Awake dhewe rak kanca plek, awake dhewe kudu kompak. Ayo padha contoan!"
 Reni : "Iya Bud, awake kudu kudu kompak. Ayo padha contoan!"
 Hadi : "Iya bener, kowe rak murid sing paling pinter ing kelas kene, Bud?"
 Budi : "Nanging, ora kok kudu kompak sing kaya ngono kuwi, kanca-kanca!"
 Siti : "Hla terus, kepriye Bud? Mung kari 5 soal wae!"
 Budi : "Ngrepek, nyonto, utawa nyontoni kanca nalikane ulangan kuwi ora oleh, kabeh dosa. Aku ora pengin dosa merga nyontoni kowe, sepurane ya!"
 Siti : "Nanging saiki rak lagi kepepet, Bud?"
 Reni : "Iya Bud, tulungana aku!"
 Budi : "Tetep ora bisa."
 Hadi : "Ya uwis lah, yen ora gelem. Jarna wae! Yen ngono urusen awakmu dhewe, Bud. Aku ya arep ngurusi awakku dhewe-dhewe!" (nesu karo muring-muring)
 Bayu : "Ya wis, jarna wae, ayo ngrepek saka buku wae!"

Kanthi sesidheman Bayu banjur ngetokne buku saka njero bangkune, banjur ndelok tulisan aksara Jawa lan pasangane kanggo nggarap soal-soal ulangan. Sabanjure Siti takon asile.

Siti : "Piye Bayu, wis bisa apa durung?"
 Bayu : "Wis. Saiki wis beres kabeh. Aku wis rampung, rungokna jawabane 25 A, 26 D, 27 D, 28 B, 29 A, 30 C" (Merga swarane Bayu ana sing keprungu rada banter, Bu Guru mireng banjur nyedheki bocah papat mau).



Sumber: sipwiz.com

Guru : "Kowe iki, contoan terus. Ayo, bocah papat metu kanal!"

Bocah papat (Bayu, Reni Siti, lan Hadi) diukum diutus hormat cagak gendera.

Bayu : "Aku ora nyangka babar pisan yen oleha-olehane kaya ngene iki."
 Reni : "Aku ya ora nyangka, yen arep diukum."
 Siti : "Kudune awake dhewe iki sinau sing temenan."
 Hadi : "Iya, bener tibake kandhane Budi mau."
 Bayu : "Ya wis arep kepriye maneh, ya saiki awake dhewe bisa sadhar."

Siti : "Aku getun banget!"
 Hadi, Reni, lan Bayu : (bareng ngomong) "Aku iya!"
Sawise iku Budi metu saka kelas lan nyedheki bocah papat (Bayu, Reni Siti, lan Hadi). Sabanjure Budi melu-melu ngadeg kang uga melu hormat cagak gendera.
 Siti : "Geneya, Bud? Kowe apa ya diukum?"
 Budi : "Ora, aku uga kepengin melu-melu nglakoni ukuman kaya kowe kabeh. Awake dhewe rak kanca sejati? Aku pengin bareng-bareng bisa ngrasakake apa sing kokrasake"
 Siti : "Takjaluk, iki kena kengga pasinaon tumrap awake dhewe kabeh!"
 Reni : "Lan awake dhewe kudu janji, ora bakal mbaleni maneh."
 Adi : "Awake dhewe iki kanca sejati sejati."

Sabanjure bocah lima (Siti, Hadi, Bayu, Reni, lan Budi) kabeh padha nglakoni paukuman kanthi rasa bungah lan kebak guyu. Pancene jroning kekancan iku bisa ngalahake sakabehing tumindak ala. Nanging kudu tetep eling jroning kekancan aja nganti kliru milih kanca, menawa ana kanca sing tumindak ora bener ora tiru-tiru, yen bisa awake dhewe kudu padha tansah ngelingake.

1. Unsur-Unsur Ironi

Siti
 Hadi,
 Sawis
 melu
 Siti
 Budi

Siti
 Reni
 Adi

bun
 kud
 bene

1.
 lako
 (pes
 a.

b.

wiw
 lan
 1)

2)

3)



Gladhen

A. Kanggo nguji kawruhmu bab anggonmu nyelak teks lakon ing ngarep, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Teks lakon ing ngarep miturutmu sing paling trep diwenehi irah-irahan (judhul) apa?
2. Apa sing dadi tema utawa underane crita jroning teks lakon kasbut?
3. Yen dideleng saka alure, kalebu jinis alur apa?
4. Sebutna sapa wae sing dadi paragane!
5. Jelasna watak-watake saben paraga!
6. Perangan endi wae sing diarani kramagung?
7. Paraga sapa sing tumindake kena dicono, jelasna alesanmu!
8. Paraga sapa sing ora kena dinggo conto, jelasna alesanmu!
9. Jelasna seting (panggonan, wektu, lan swasana) jroning teks lakon kasebut!
10. Tulisen pesen moral kang kinandhut jroning teks lakon kasebut!

B. Analisisen teks lakon sing mentas koksemak adhedhasar structure teks!

1. Perangane endi sing diarani *prolog*?
2. Jroning dialog, perangan endi sing diarani *orientasi*?
3. Jroning dialog, perangan endi sing diarani *komplikasi*?
4. Jroning dialog, perangan endi sing diarani *resolusi*?
5. Perangan sing endi sing diarani *epilog*!

C. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Sebutna lan jelasna kanthi cekak aos unsur-unsur sing ana ing sajrone teks lakon!
2. Sebutna lan jelasna kanthi cekak aos jinis-jinise plot (alur)!
3. Sebutna lan jelasna kanthi cekak aos jinis-jinise paraga!
4. Sebutna lan jelasna kanthi cekak aos structure teks lakon!
5. Jelasna apa sing diarani *orientasi*, *komplikasi*, lan *resolusi*!



KOTAK WANGSULAN

